251	program rekompak, kabarnya itu hibah. Jadi ada dana	Rekompak
252	per KK itu 37juta. Yg 7 untuk tanah, yang 30 untuk	37 juta
253	bantuan. Tempatnya bisa milih, asal tidak berada	
254	kawasan zona merah. Itu yang diutamakan kelompok,	
255	jadi satu kelompok minimal 15 KK, maksimal 30KK.	
256	Tapi kita juga bingung, tanah seharga 7juta itu cari	Bingung cari tanah
257	dimana.. itu susah. Tapi kalo bisa dialih fungsi, saya	Alih fungsi
258	kan wiraswasta. Misalnya dana itu diserahkan untuk	Wiraswasta
259	pemulihan kembali, untuk modal usaha lagi, cari tempat	Untuk modal
260	yg aman, bisa usaha. Yang penting kan kita punya	Bisa usaha
261	usaha, jadi ekonomi kan bisa berjalan. Dari pada kita	Ekonomi berjalan
262	dibantuuu tapi kita jadi males usaha, males kerja. Kita	Males kerja
263	juga terima kasih, tapi kalau terlalu lama tidak bagus	
264	mas.	
265	<b>Dadi dikei pancinge, udu iwake ngoten nggeh pak?</b>	
266	Hahahana nikuumas..	

Responden : Bdw (W II)

Durasi : 47 menit 41detik

No	Keterangan	Analisis
1	<b>Sbelumnya bisa diceritakan dulu pak tentang</b>	
2	<b>kehidupan njenengan sebelum banjir.</b>	
3	Secara ekonomi apa secara menyeluruh?	
4	<b>Nggeh menyeluruh</b>	
5	Dadi kulo kan wonten mriku kemarin kan masa	Masa transisi
6	transisi, kemarin dulu kan kulo usaha teng ngomah,	Usaha di rumah
7	usaha batu nggeh, dadi kerajinan. Niku kulo enten	Usaha kerajinan batu
8	bocah sing ngewangi cah 5, adi kulo 2, nur pincuk,	Ada karyawan 5
9	trus supri, sing setunggal nano, 6 kulo.ha niku kulo	
10	kan masa transisi, sementara kan sing deso vakum	Yg di desa vakum
11	riyin. Ha kulo buka teng mriku, teng kali putih usaha	
12	piyambakan nek butuh bantuan yo ngajak konco. Ha	
13	kulo secara ekonomi kan baru menapak nggih, dadi yo	Baru menapak
14	babat alas riyin, nggeh nggolek pasaran, nggeh	Mencari pasaran
15	masarke teng ngajengan. Dados teng mriku kulo le	
16	berjuang samapai melek bengi. Sedangkan awan harus	Berjuang sampai begadang
17	kerja. Melek mbengi niku nggeh alahmdulillahe teng	
18	mriku niku jam 12 malam niko onten wong ndodok “	
19	pak sapu, pak cowek” kulo metu, sampe pernah jam 3	
20	di dodog “pak sapu” nggeh alhamdulillah ono,	
21	rembugan nggeh kedadean. Nilai plusnya kan enten, le	Nilai plus
22	melek mbengi, tirakat, nggeh to. Neng nggih dibarengi	Tirakat
23	nyuwun kalih Sing Kuoso. Trus bocah teng sekolahan	Minta sama Tuhan
24	nggeh ngoten, kulo ken ndungo. Pak e dongake slamet,	Berdoa
25	sak bocah2e sing ngrewangi, karo juragan2e pak e ra	
26	ketung hadiah fatehan 1 x. anak kulo niku angger tak	Hadiah fatehah
27	weling niku “ mpun pak, selalu niku pak”	
28	alhamdulillah bocah nggih mpun ngerti kekarepane	Anaknya tahu yg dimau
29	wong tuo. Ha ting mriki kulo kan istilaha 1th lebih	1 tahun lebih
30	berapa, njuk enten banjir niku. Trus enten udan awu	Banjir
31	niko alhamdulillahe kulo mboten diparingi roso wedi	Tidak takut
32	niku, liyane do ribut do ngejak ngungsi, aku tak	Ngajak mengungsi
33	bertahan nang kene sik.	Bertahan
34	<b>Tentang sosialipun pak?</b>	
35	Nek sak derenge bencana tetangga kulo paling cerik	
36	nggeh 1 tok niko. Ning alhamdulillahe tenggene	Tetangga Cuma 1
37	kuloniku sok ngge dolan, malah umur2e niku 45	Biasa buat nongkrong
38	sampai 50 tahun niku sing sok dolan malah umur	
39	sengoten niku. Sing jenenge pak lilik, pak gendro, trus	
40	pak jenal, niku tiyang niku asring dolan nggen kulo.	Sering maen dirumah
41	Nggeh dolan, ngobrol, nggeh nyeritake kehidupan	Curhat
42	sehari2, ngonceki atine dewe2. Kulo nggih seneng	Ngonceki ati
43	ngoten niku, piyambake nggeh seneng kulo nggeh	Sama2 seneng
44	seneng. Sampe jam 3 jam 2. Trus ngoten niku kadang	
45	kulo onten repot nopo direwangi, riko nggeh nek	Saling membantu
46	njaluk tulung kulo rewangi. Dadi teng mriku secara	

Responden : Bdw (W II)

Durasi : 47 menit 41detik

47	sosial walaupun kecil sudah terbentuk ngoten lo.	Sosialnya terbentuk
48	<b>Nek soal keagamaan pak?</b>	
49	Teng mriku niku carane tambah tekun ngoten nggeh.	Tambah tekun ibadah
50	<b>Niku sak derenge bencana?</b>	
51	Sak derenge bencana kulo pancen dasare ngoten. Sing	Dasarnya begitu
52	jenenge ngibadah niku asal awak sehat nggih, niku	Ibadah itu kewajiban
53	kebutuhan. Kita butuh ngoten. Sedangkan kerja niku	Kerja itu kewajiban
54	kewajiban. Dadi nek butuh kan setiap saat butuh, nek	Setiap saat butuh
55	wajib, nyambut gawe kan ra keno tinggalke to mas.	Kerja tidak boleh ditinggal
56	<b>Maksude pripun niku pak?</b>	
57	Kebutuhan kan sehari2 kita harus, harus ibadah.	Harus ibadah
58	<b>Rasane nopo pak nek ngibadah?</b>	
59	Rasane niku, istilaha nopo nggeh, awak niku rosone	Rasanya enteng
60	enteng, mikir nopo2 niku cak cek, trus mikir beban	Mikir apa2 cepat
61	beratpun niku koyo ra kepikir ning isoh cukup ngoten	Cukup
62	lo. Dadi istilaha secara psikologis tambah nopo nggih,	
63	tentrem. Secara psikologis niku mboten wonten	Tentrem
64	gangguan, tenang, pede ngoten.	Tenang, pede
65	<b>Niki kan kemarin njenengan mungal Alloh itu</b>	
66	<b>Maha Kaya, Maha Adil, Maha Bijaksana. La niku</b>	
67	<b>pengaruhe teng njengengan kok njur parake kuat</b>	
68	<b>niku nopo?</b>	
69	Kan kita punya keyakinan. Kalau kita yakin Tuhan itu	Keyakinan
70	ada, itu memang ada kok Tuhan itu. Kita yakin. Dadi	Tuhan ada
71	mboten setengah2, istilaha pas ekonomi anjlok njuk	Tidak setengah2
72	“ah, Alloh ki ora pengerten kok” misalkan. Hehehe	
73	mboten ngoten, Alloh niku enten. Dados istilaha Alloh	
74	niku maringi cobaan kalih umate niku nganu kok,	Alloh memberi cobaan
75	diperkirakan umat niku kuat kok. Tidak melebihi	Tidak melebihi kemampuan yang
76	kemampuan yg dimiliki umatnya. Niku sing kulo	dimiliki umatnya
77	rasake ngoten niku.	
78	<b>Niki nek maksude hidup tidak bisa sendiri niku</b>	
79	<b>pripun?</b>	
80	Seandainya kita hidup sendiri niku tetep mboten saged.	Tidak bisa hidup sendiri
81	Misalkan kulo teng mriki nek ora iso rukun ro kiwo	Rukun
82	tengen niku ra saged mas, tetep harus kita bersama2	Bersama-sama
83	hidup ini. Misalkan satu keluarga, kulo kaleh bojo kulo	
84	mon mpun repot kok. Misalkan kulo masuk angin,	Repot
85	ndakyo arep akon tanggane padahal bojone tengomah.	
86	Niku secara kecil mawon tidak bisa sendiri hidup ini.	
87	<b>Njenengan kan kemarin bilang ada dukungan,</b>	
88	<b>suport dari orang lain. Niku dalam bentuk nopo</b>	
89	<b>pak suporte?</b>	
90	Ada bentuk semangat, dia juga mendoakan, bahkan	Semangat, doa
91	mendoakan sambil menangi... trus yg bentuk secara	Berdoa sambil menangis
92	materi juga ada. Dadi teng mriku niku alhamdulillah	Materi
93	kulo ngoten, pas resik2, resik2 lahar niku, sing	

Responden : Bdw (W II)

Durasi : 47 menit 41detik

94	munggah teng tritikan niku, niku istilaha sedangkan	
95	londo ming motret trus tanya, pertama dia bilang “saya	Bule
96	dari amerika serikat, saya disana dosen. Ini bapak kena	Dosen
97	lahar?” iya. “saya trenyuh, saya prihatin. Moga2	Prihatin
98	diparingi slamet kabeh nek coro jawane. Trus	
99	piyambake ngrogoh2 ngoten niki, “ini ada sedikit uang	Uang
101	untuk meringankan beban bapak”. Terima kasih bos,	Meringankan beban
102	terima kasih sekali. “sama-sama, semangat ya pak.	
103	Semangat”. Oke pak. “jangan putus asa”. Kulo niku	Jangan putus asa
104	setiap banjir munggah tenggene boto niku, kulo niku	
105	istilaha tilem cuman 1-2 jam. Mangkeh lerem langsung	Tidur Cuma 1-2 jam
106	kulo keduki, bekne trus tuntas ngoten lo. Mangkeh nek	Menggali timbunan pasir
107	mpun rampung gek nggletak. Niku sek kecil2 nggeh,	
108	mbasan gedhe, aduh, pintu mawon dibukak mboten	Banjir besar
109	saged. Sedangkan le dodolan kan do kurugan, kan	Jualan
110	banyak orang, pengunjung melihat, kadang wartawan,	Banyak orang
111	banyak penonton istilaha. Kita kan harus.. kalau jualan	
112	biasanya kan nggak mungkin. orang2 kan banyak,	
113	mungkin ada yg haus, ada yg pengen roko, cemilan, la	Ada yang haus
114	kita ambil kesimpulan gimana kalo kita jualan	Kesimpulan
115	gorengan dulu sama wedang2an. Ternyata	Jualan gorengan
116	alhamdulillah itu bisa untuk bertahan hidup. Lumayan,	Minuman
117	itu seharusnya pernah dapet 750 ribu awal2e. ha itu kan	Bertahan hidup
118	tambah semangat lagi.	Tambah semangat
119	<b>Trus nek roso senasib niku kok saged motivasine</b>	
120	<b>njenengan niku pripun?</b>	
121	Karena kalau kita itu bersama2, nikuistilaha kan	Bersama-sama
122	nggedeke ati. “wah aku ora dewe kok, akeh kancane”,	Membesarkan hati
123	misalkan njenengan kemalingan ning njenengan tok	
124	sing kemalingan. Kan jengkel, tapi nek akeh kancane	
125	kan meso ana sing luwih parah. Dadi istilaha rodo	
126	terhibur lah. Hehehe niku secara nganu nggih, secara	Terhibur
127	psikologis kan “ora ndeweki ko, akeh kancane. Nek	
128	dewekan kan ngoten dadi wedi”.	
129	<b>Niki maksude awune duwur nopo pak?</b>	
130	Awune duwur niku kan istilaha jenenge niku.. carane	Awune duwur
131	nganu kan misale kulo. Kulo preman wis dukdeng.	
132	Wong krungu suarane mawon wis wedi. Istilaha	Takut
134	ngoten niku. Wis kondang jengene. Jowo kan ngoten	Kondang namanya
135	niku, awune wis duwur.	
136	<b>Nek hubungane kalian kekuatan bertahane</b>	
137	<b>njenengan saking banjir niku ada pak?</b>	
138	Saya kira adaya. Sing jenenge wong jowo niku kan	Semangat kerja tekun
139	semangat kerjanya tekun, jujur, tapi ya ada juga yg	Ada yang nggak tekun
140	nggak jujur, ada yg nggak tekun. Tapi kan kita istilaha	
141	tidak gebyah uyah, gebyah uyah ki tidak semua jelek,	
142	tidak semua bagus. Ada yg jelek tapi yg bagus juga	

Responden : Bdw (W II)

Durasi : 47 menit 41detik

143	banyak. Tapi manungso niku mboten wonten sing	Manusia tidak ada yang sempurna
144	sempurno, mpun walaupun kiai mon. sing kiai ibadahe	
145	apik neng mungkin serik ro kiai sing kono, nggeh to,	Iri hati
146	ngoten niku. Tapi kan istilahe mengakui kesalahanya.	Mengakui kesalahan
147	Sing jenenge mengakui kesalahan niku mpun apik	Baik sekali
148	banget. Misalkan wong nek raiso ngakoni kesalahane	
149	dewe, isane ming metani wong liyo niku repot sanget.	
150	Kudune awake dewe ki yo petani.	Melihat diri sendiri
151	<b>Bahkan semua nabi pun mengakui dirinya dholim,</b>	
152	<b>kados nabi Adam niko dongane “laaillaha illa Anta,</b>	
153	<b>subhanaka inni kuntu minadzolimin”. Dadi nek</b>	
154	<b>politik pencitraan niko salah nggeh pak? Apike kan</b>	
155	<b>ngaku elek, la niko malah ngaku apik.</b>	
156	Hahaha dadi kan niku, istilahe orang hidup nek	Ilmu padi
157	ngibaratke niroke pari, niroke banyu niko sae. Soyo isi	Semakin merunduk
158	soyo ndingkluk ndingkluk ndingkluk ngoten to,	Tidak sok-sokan
159	mboten malah ketok keminter. Nek toyo kan ngaten,	
160	nek kulo istilahe, urip ki anggere isoh due ngelmu	Seperti air
161	koyo banyu, niku insyaAlloh teng pundi mawon isoh	Bisa rukun
162	urip. Istilahe neng masyarakat kene isoh rukun, iso	Menyesuaikan
163	menyesuaikan. Dalam segi apapun iso ngetutke. Isoh	Sama rata
164	sama rata ro kancane, isoh menyatu. Wong banyu niku	
165	sing jenenge watu atose ko ngopo digebyur banyu kan	
166	sue2 bolong. Ngilmu banyu nek diunceki niku katah	
167	sanget.	
168	<b>Nek duwur jowo niku pripun?</b>	
169	Nggeh duwur jowo niku nggeh awune niku. Jowo niku	Pengalamanya banyak
170	wis terkenal, carane ki wes opo2 isoh, pengalamane	
171	katah.	
172	<b>Nek teng jowo kan ada istilah sak dermo</b>	
173	<b>nglampahing titahing Gusti, niku nek menurute</b>	
174	<b>njenengan pripun pak?</b>	Sudah digaris
175	Hanggeh niku kan istilahe mpun digaris bawahi to	
176	niku. Dadi termasuk ngeten niki, kados bencana ngaten	Maunya Tuhan
177	kan kersone Sing Kuoso to, kita harus istilahe	Menikmati
178	menikmati. Dadi nek iso menikmati niku tetep ono	Tidak Cuma mengeluh
179	nilai plusnya kok. Mboten ming ngaruh2 “wah	
180	omahku keli” tinggal ngungsi nong jakarta. Padahal	Rejeki sangat banyak
181	nek gelem tengomah, sing jenenge omahe kurugan kan	Terukur
182	niku rejeki saking banyake. Rejeki nek saing banyake	Banyak rejeki
183	ki ora apik mas. Terukur ngoten loh, sesuai kebutuhan.	Bingung
184	Misalkan kulo ujug2 kok entuk rejeki sing akeh	Lupa sama Tuhan
185	banget, mesti bingung le ar ngecakke. Dadi mangkeh	
186	daya pikire malah ora karuan, malah isoh lali karo sing	
187	Kuoso. Ha niku..	
188	<b>Trus niki pak, njenengan kan munggal bondo ki</b>	
189	<b>radigowo mati, maknane pripun pak?</b>	

Responden : Bdw (W II)

Durasi : 47 menit 41detik

190	Maknane niku, nak bondo kan ming sakploke urip	Harta itu cuma waktu hidup
191	mas. Nek wis mati ra calon digowo kok. Bojo mon ra	Mati tidak dibawa
192	digowo kok. Dadi misalkan kita kerja keras, kan	Kerja keras
193	sambil beribadah, beramal. Na amal jariah amal amal	Beribadah, beramal
194	kan niku sing mangkeh digowo mati. Dados kulo	Bekal mati
195	kadang mbantu uwong, kulo niate ibadah. Ibadah niku	
196	mboten ming sembahyang jengkang jengking, ning	
197	tingkah laku kita sehari2 juga harus dilandasi ikhlas.	Ikhlas
198	Dadi kita nulung uwong niku ngaten, misalkan ono	
199	wong kebanan dituntun rono rene rangerti sing nambal	
200	ban ki ngendi. Nek kulo istilae walaupun dia nggak	
201	tanya, eh diusulke “ajeng nambalke nopo mas? Nek	
202	sing cedak mriko”. Tapi kita harus ikhlas, walaupun	
203	nanti dia mau apa nggak ha monggo, tapi kita sudah	
204	menawarkan. Ibadah niku katah sanget kok.	Menawarkan
205	<b>Kalimat niku, sing bondo ra digowo mati nek</b>	
206	<b>digatuke kalih musibah sing menimpa njenengan</b>	
207	<b>niku pripun pak?</b>	
208	Ha niku kan mpun fakta dadine nggeh, dadi niku kan	
209	nek kulo jangankan bondo, nyowo nek mpun dikersake	
210	yo mpun mboten semoyo kok. Karena apa? Tuhan itu	Tidak bisa menghindar
211	kalau apa itu, istilae kasih sesuatu kalau sudah sampai	Tuhan kasih sesuatu
212	waktunya nggak akan ditunda. Kadang2 wong sing	Kalau sudah waktunya tidak akan
213	kelakuane elek, jahat, malah umure panjang. Lo niku	ditunda
214	kan dijor, niku siksa ndunyo jane, ning mboten kroso.	Siksa dunia
215	<b>Trus niki njenengan kan munggal “kalau diuji kita</b>	Tidak terasa
216	<b>jangan panik, kita jangan tauk kalau diuji”. La</b>	
217	<b>njenengan kok saged kados niku pripun?</b>	
218	Karena ngoten niku sing jenenge bencana kan mpun	Bencana
219	kersane Sing Kagungan, ha niku kan awak dewe urip	Sudah maunya Tuhan
220	kan ora sue, dadi ono ujian ki yo ojo gugup. Kalau	Ada ujian jangan gugup
221	misalkan ujian niko nek gugup yo le nggarap njuk ra	
222	karuan niku. Memaknai dadi ra karuan. Nek kulo sing	
223	jenenge banjir niku kulo lok ke”wahduh sing jenenge	Memaknainya jadi kliru
224	kuoso Tuhan ki seperti itu” . niku carane sing ngerti	
225	sing sumerep sing fakta ngoten nggeh. Nek sing	Kuasa Tuhan
226	cerito2 jaman kenabian riyin kan melebihi itu. Niku	Tau faktanya
227	sing istilae teng mriki tengarepan terjadi, sing watu	Jaman Nabi melebihi itu
228	gedine semonten isoh keli nggeh to. Cuma beberapa	
229	menit, dadi nek dikersake ki ora jam2an tapi semenit	
230	mon nek arep ngurugi niko nggeh lhesss...	
231	<b>Njenengan nek mengartikan musibah niku nopo to</b>	
232	<b>pak janjane?</b>	
233	Ujian. Karena ujian kita kan, misalkan kados kulo	
234	mawon niku kan istilae diuji. Kulo saking mriko	Ujian
235	pindah mriku, gek napak mawon mulai payu, ha	
236		Jualan baru mulai laku

Responden : Bdw (W II)

Durasi : 47 menit 41detik

237	ndilalah ono udan awu, bar udan awu banjir. Niku kan	Banjir lahar
238	ujian, dadi aku mungkin suksese ora saiki, mungkin	Suksesnya tidak sekarang
239	sesuk, apa mungkin Tuhan punya rencana lain yg lebih	Tuhan punya rencana lain
240	bagus. Ternyata ha niku, kolo wingi mpun tak aturke	
241	nggeh sing anak kulo niku.	
242	<b>Njenengan mengartikan pasrah niku pripun?</b>	
243	Pasrah niku apapun yg terjadi tapi saya sudah	Pasrah
244	berusaha, kalau memang harus begini ya beginilah.	Berusaha
245	Kita kan Cuma podo karo wong rencana mas, ning	Rencana
246	sing menentukan kan Alloh nggih. Tapi kita harus	Tuhan menentukan
247	merencanakan, merealisasikan. Kita punya rencana	Merealisasikan
248	seperti ini, tapi syaratnya kita harus gini gini gini. Kita	Ada syaratnya
249	harus tekun, harus kerja keras, berdo'a, nyuwun karo	Tekun, kerja keras, berdo'a
250	sing Kuoso, ro kiwo tengene sing apik, karo	Akur sama tetangga
251	pelanggane nggih sing apik, ha niku kan istilaha kita	Sama pelanggan yang baik
252	berusaha. Itu salah satu tidak dilakukan mungkin	
253	nggak bisa. Tapi wong ar sukses ki kudu seko sitik,	Mau sukses harus dari sedikit
254	keno keno bencana sik, kuat ora ki nek kuat mungkin	Kuat
255	ngko tingkatane iso meningkat.	Tingkatane meningkat
256	<b>Nek maksude ujian ra keno jengkel niku?</b>	
257	Nggeh, ra keno jengkel niku. Ha nek jengkel, misale	Tidak boleh marah
258	kulo niki jengkel. Kulo ndandani pit motor ora dadi2,	
259	jenkel njuk kulo tutuki tek tek tek... ha malah rusak.	Malah rusak
260	Banjir niku kan rejeki, kalau kita bisa mensyukuri, itu	Banjir itu rejeki. Syukuri
261	rejeki tapi saking okehe. Saking okehe trus sok ke	Rejeki sangat banyak
262	bareng sisan. Ha niku misalkan sakniki banyu niku	
263	angel, wis rekoso tenan kok. Niku kan ujian kuat ora	Ujian
264	urip neng kono corone nggih. Dadi rejeki niku kan	
265	kaleh Sing Kuoso mpun diatur to, dadi wong niku	Rejeki sudah diatur
266	podo karo tergantung karo sing Kuoso. Mboten urip	Tergantung sama Tuhan
267	sakarepe dewe kan, dadi nek urip sakarepe dewe kan	
268	yo ra karuan.	
269	<b>Trus nek sabar menurute njenengan nopo pak?</b>	
270	<b>Untuk menhadapi musibah seperti niku.</b>	
271	Dadi ngoten, nek sing jenenge sabar niku istilaha ora	Sabar
272	keno kesusu, ndelok situasi dan kondisi. Ibarate nek	Tidak buru-buru
273	kali lagi mili gedhe kok njuk nyebrang hayo bahaya.	Bahaya
274	Nek meh nyebrang kosik, nunggu wektu wis cilik gek	Menunggu waktunya
275	nyebrang. Ha niku kan termasuk istilaha sabar. Isoh	Bisa menata hati
276	noto atine. Dadi ngeten, wong niku nek isoh	
277	menghibur atine dewe, isoh noto atine dewe, niku	Menghibur diri sendiri
278	paling kepenak-kepenake uwong. Dadi ngoten niku ora	Se enak-enaknya orang
279	iso to nduwe loro ati tenan. Mungkin umpama bisa,	Tidak punya sakit hati
280	tapi tidak panjang. Misalkan ntes padu, trus dipelajari	
281	masalaha ki opo to kok dadi ngene iki. Diunceki	Dipelajari masalahnya
282	tenanan, ming sepele jebulane, ming teke ra sabar. Nek	Ternyata Cuma sepele
283	sabar kosek, ra mungkin terjadi sesuatu	



Responden : Bdw (W II)

Durasi : 47 menit 41detik

283	sing istilaha merugikan.	Merugikan
284	<b>Carane untuk bisa sabar niku pripun pak?</b>	
285	Carane? Kita istilaha ngonceki kesalahane dewe. Nek	Mencari kesalahan sendiri
286	salah yo ojo, nek bener yo diteruske. Berarti sing isoh	
287	nimbang kan awake dewe. Mungkin wong liyo ki	Menimbang diri sendiri
288	ngarani salah, ora akui bener. Dadi ngene ngurusi sing	Mengurusi diri sendiri dulu
289	nggone dewe sik, ngko nek nggonku wis apik lagi	
290	cawe2 nggonmu nek nggonmu rung apik.	
291	<b>Njenengan kan mungal “meh lahar dingin monggo,</b>	
292	<b>lahar panas yo monggo. Mpun pasrah mboten</b>	
293	<b>saged nolak”. Ha niku pripun kok saged ngoten</b>	
294	<b>niku?</b>	
295	Karena itu kan kehendak Tuhan, kita yakin itu	Kehendak Tuhan
296	kekuasaan Tuhan. Kun faya kun niku nggeh. Seuatu yg	Kun faya kun
297	akan terjadi kita nggak bisa nolak. Nggak bisa	Tidak bisa nolak
298	negosiasi niku. Niku tenane ngoten niku. Nek	
299	kehendak kita,kita bisa.. istilaha aku “bocah kae ar tak	
300	antemi wong kurang ajar” ning ndilalah tak itung2	
301	“woh ojo sik, bocah kae jeh cilik e, mungkin ngko nek	
302	wis rodo gedhe pikirane rodo nalar ora kurang ajar”.	
303	<b>Njenengan mengartikan kebersamaan pripun pak?</b>	
304	Dados niku nilaine tinggi sekali. Kita itu istilaha kena	Nilainya tinggi
305	bencana, nek bersama2 niku kan istilaha misalkan	
306	secara nasional ono wartawan diliput, “korbane ki	
307	semene e” dadi kan istilaha ada respon. Trus nek	Ada respon
308	kancane akeh kan ra minder, le ngrasake ki ora	Tidak minder
309	lorrrrooo banget. Meso rodo terhibur wong ora	Agak terhibur
310	dewekan. Ha njenengan nek mlaku dewe tenggon	Berrjalan sendiri takut
311	petengan niko kan rasane wedi to. Ning nek wong	Bersama-sama berani triak-triak
312	akeh wani bengak bengok. Niku kan istilaha ada rasa	
313	berani, terhibur, ora kecil hati. Ning nggeh goten niku	Tidak kecil hati
314	tidak semua orang bisa menerima dengan rasa seperti	Tidak semua orang bisa
315	itu.	
316	<b>Nek wonten istilah mangan ora mangan waton</b>	
317	<b>ngumpul niko njenengan setuju mboten?</b>	
318	Nek kulo niku mboten setuju nggih. Niku ming podo	Tidak setuju
319	dagelan kok. Ha sakniki nek ra mangan yo mato kok.	Dagelan
320	Konyol niku, la niku istilaha dagelan, istilaha nggo	Konyol
321	unen2. Nek itu mboten mempengaruhi dalam	Tidak mempengaruhi
322	kehidupan sehari2, mboten mendidik.	Tidak mendidik

Responden : BYN (W I)

Durasi : 26 menit 24 detik

No	Keterangan	Analisis
1	<b>Sebelumnya bisa diceritan dulu mbak kehidupane</b>	
2	<b>njenengan sak derenge banjir lahar. Nggih</b>	
3	<b>pekerjaane, sosiale.</b>	
4	Nggih biasa kan, nek pekerjaan kan aku tetep, meski	Pekerjaan tetap
5	ada bencana itu kan aku tetep, tidak berpengaruh. Nek	Tidak berpengaruh
6	kehidupan sosial bersama masyarakat kan juga gimana	
7	ya, biasa aja si. Mungkin lebih lebih lebih dekat. Sing	Lebih dekat
8	biasane mungkin nek teng pengungsian kan otomatis	
9	sing biasanya nggak ketemu kan trus sering ketemu,	Jadi sering ketemu
10	mau nggak mau kan harus interaksi gitu lo. Itu.	Harus berinteraksi
11	<b>Kalau soal keagamaan mbak, sebelum bencana</b>	
12	<b>gimana?</b>	
13	Nak kulo pribadi kan terus terang ndak berpengaruh	Keagamaan tidak berpengaruh
14	ya, sebelum ada bencana saya juga tetep stabil.	Tetap stabil
15	Sesudah juga saya tetep stabil saja trus untuk ee buat	
16	orang lain kan saya nggak tahu. Orang kan ada yang	
17	kuat ada yg nggak kuat, yang stres juga ada, yg tetep	Kuat
18	bertahan juga ada to.	Bertahan
19	<b>Nek pas kejadian niku njenengan teng pundi?</b>	
20	Teng mriki. Di rumah.	
21	<b>Niku ceritane pripun niku?</b>	
22	Kan sore, sebelum itu satu minggu sebelumnya kan	
23	sudah mulai banjir, trus sore2 itu kan waktu itu kan	Mulai banjir
24	masuk pagi kan trus pulang sore, aku mampir di	Masuk pagi pulang sore
25	budeku dulu yang di sana, teng salakan kan mpun	
26	klelep nggriyane mpun kleleb. Ha trus rekane meh	Rumahnya tertimbun
27	ngrewangi resik2, rewangi resik2 to teng mriko. Mpun	Bantu bersih2
28	sore balik, setengah 6 niko wangsul trus bar setengah 6	Pulang
29	kan mandi, makan, solat maghrib, bar sholat maghrib	
30	niku makan, posisi wis banjir setengah 7. Tapi kan	Setengah 7 banjir
31	listrik masih nyala, ning tiyang2 mpun teng mergi	Orang2 sudah dijalan
32	niku, tapi kan posisi aku tetep disini kan nggak papa	Tetep dirumah
33	ya, tetep nggak papa kan aku tenang, trus listrik masih	Listrik masih menyala
34	nyala. Uwong niku mpun do ting njlerit, tapi kan	Pada histeris
35	listrik masih nyala banyune sampun dugi ngajeng. La	Banjir sudah didepan rumah
36	kulo kan tetep nyante wong posisi listrik masih nyala	Masih nyantai
37	saya tetep nonton tv, masih makan. Hehee trus lebar	Nonton tv, makan
38	niku kan listrik mati, ha listrik mati aku gek bingung	Listrik mati
39	“aduh berarti iki parah wong listrik nganti mati”	Parah
40	berarti kan wingking niku kan lepen to. La kan sungai,	Belakang rumah sungai
41	habis itu trus getar2 itu kan juga kerasa trus lebar itu	Bergetar-getar
42	kan buk e ngendiko “lah rak popo”, yaudah lah gak	Tidak apa-apa
43	papa tetep bertahan di rumah. Tapi kok sepi to, orang	Bertahan dirumah
44	kan udah pada lari. Trus “buk kok sepi, metu yo”.	Sudah pada lari
45	Maksude kan ngumpul koncone gitu kan. Trus aku	Kumpul temanya
46	jalan, jalan depan niku udah segini. Trus jalan kesana,	Jalan sudah banjir

Responden : BYN (W I)

Durasi : 26 menit 24 detik

47	jalan depan niku udah segini. Trus jalan kesana, disana	
48	ada anak2 kan naik genteng, trus aku mau ke sana kan	Naik genteng
49	nggak bisa. Trus “budhe teng mriki mawon”, trus	
50	diulungi ondo ken munggah ondo. Trus jam, kulo	
51	bertahan di atas antarane satu jam. Kan posisi ujan,	Diatas genteng 1 jam
52	grimis, dingin saya bawa payung. Trus di senter2 agak	Grimis, dingin
53	surut, aku mau turun ah, mau pulang. Kan gatel nggih	Pulang rumah
54	posisi nyebrang itu kan gatel banget, akau mau turun,	
55	pulang. Nggih aku turun. Tapi kan aku nggak tahu di	
56	luar sana kan seperti apa belum tahu. Trus aku pulang.	
57	Habis pulang trus cuci kaki aku tidur, jam 9 aku tidur.	Tidur
58	Haha..	
59	<b>Dadi sing teng pikirane njenengan niku nopo pas</b>	
60	<b>terjadi niku?</b>	
61	Ya maksude kan aku tetep tenang, kan posisi disini	Tetap tenang
62	nggak papa aku tetep disini. Aku kan capek posisi mau	Capek
63	masuk pagi kan juga. Udah masuk pagi, aku bantu2 di	Masuk kerja pagi
64	budheku itu, aku jadi cuapek banget. Trus sudah aku	
65	mau pulang ah. Tapi rumah nggak papa, ya Cuma	Rumah nggap apa2
66	sedikit lah. Kalau aku kan sudah terbiasa, dengan	Terbiasa
67	keadaan seperti itu. Kan emang deket sama sungai,	Deket sama sungai
68	jadi getar2 udah nganu. Tapi kok tenang, kok tenang	Getar2 sudah biasa
69	pikirku. Tapi kan akhire banjire mblobos kaline malah	Banjir tidak lewat sungai
70	surut.	
71	<b>Mboten wedi barang niku?</b>	
72	Mboten. Hehe pulang tidur, nganu lilin. Pagi jam 4 aku	Tidak takut
73	bangun. Buk niliki yo buk yo. Tapi kan posisi belum	Liat kondisi luar
74	ada setengah 5 jam 4 aku bangun. Buk niliki ndalan yo	
75	buk yo. Pertama di depan situ. “loh kok ono panci2 do	Ada panci2 hanyut
76	keli” tengajeng mriku kan. Ya sudah trus jalan jalan..	
77	jalan lagi kesana. Aku kan waktu itu sawahnya subah	
78	meh panen, meh dipetik. Duh buk, ngko nek sawahe	Sawah mau panen
79	kebanjiran njuk kepie. Halah teko percoyo sing kuoso.	Percaya sama Yang Kuasa
80	Alhamdulillahsawah niku nggih mboten nopo2.	Sawah tidak apa2
81	Padahal kan posisi sini kena sini kena sini kena.	
82	<b>Niku yg membuat anda mboten wedi, tetep tenang</b>	
83	<b>niku pripun?</b>	
84	Ya pasrah saja sama yg di atas. Kalau memang matine	Pasrah
85	keli yo mati. Nek aku memang aku keli ning jatah rung	
86	mati yo aku tetep hidup.	
87	<b>Trus nek tentang pasrah niku njenengan</b>	
88	<b>memaknainya pripun?</b>	
89	Nggih apapun yg terjadi pasrah sama tuhan. Sama	Papapun yg terjadi pasrah sama
90	Alloh.	Tuhan
91	<b>Bongkokan ngoten?</b>	
92	Nggeh. Yo niku, “buk, seandainya aku mati le keli”,	Pasrah bongkokan
93	tetep itu. Dalam otak ku dalam dikiran aku seandainya	

Responden : BYN (W I)

Durasi : 26 menit 24 detik

94	aku mati le kali ya otomatis aku mati. Tapi seandainya	
95	aku jatahe nggak mati walaupun aku keli yo nggak	Jatahnya nggak mati
96	mati, masih hidup. Orang nggak ada yang tidur	Nggak ada yg tidur di rumah
97	dirumah niku nggak ada.	
98	<b>Niku ming njenengan kaleh ibuke njenengan tok?</b>	
99	Enggeh, tapi itu kan sebenere kalau kita ambil	
101	hikmahnya berarti aku bener2 ngrasake berarti tidur itu	hikmahnya
102	sebuah nikmat yo malam itu. Trus habis itu kan di	tidur itu nikmat
103	pengungsian kan seperti apa di pengungsian itu, tapi	pengungsian
104	aku nggak tidur di pengungsian tapi kan kepikiran. Aku	kepikiran
105	tidur ditempat kakak, ditempat budhe, mbolak-mbalik.	
106	Aku nggak tidur di pengungsian kan, Cuma ibuku.	tidak tidur di pengungsian
107	<b>Dadi dereng nate ngungsi?</b>	
108	Kulo? Yo ibuku ngungsi, sore tak anter teng	
109	pengungsian. Mau tidur disana monggo. Tapi aku nek	
110	tidur di pengungsian kan aku tetp ndak. Trus aku tidur	
111	di tempat kakak, budhe, tempat sodara, tempat sapa	
112	gitu kan. Tapi kan walaupun nyaman tapi kan nggak	
113	senyaman itu. Yo itu njuk ngrasake tidur, walaupun	Nyaman
114	cuma tidur itu sebenarnya nikmat	
115	<b>Dampake banjir nopo mawon mbak? Nggeh</b>	
116	<b>nopone mawon?</b>	
117	Ya tetep ada, tapi kan tetep.. orang kan ngliatnya dari	
118	segi mananya. Dari banjir itu kan juga ndak dari segi	Ada dampaknya
119	finansial aku pribadi tetep ada kerugian itu ada.	
120	Susahnya kok kalau seandainya aku mau keluar jalan	Kerugian finansial
121	kan susah. Trus seandainya di sawah kan kemarin	Akses susah
122	nggak di kerjain. Maksud dikerjain kan cuma hasil	
123	nggak bisa maksimal. Tapi kalo dari segi positifnya	
124	kan dari banjir niku kan ada bantuan, ada itu mbuh	Sawah tidak maksimal
125	beras, macem2 sembako itu kan kalau seandainya	Ada bantuan
126	orang pinter ya. Orang pinter kan banyak ya, ya	Sembako
127	maksudnya pinter nganu. Itu ada yang di jual, ya	
128	maksud kan disesalkan juga dari pihak yang memberi	Bantuan dijual
129	bantuan. Mosok dikasih bantuan malah di jual.	Disesalkan
130	Ketahuan juga kan waktu itu.	
131	<b>Kalau bagi njenengan pribadi dampake?</b>	
132	Ya aku terpacu, kan aku trus nggak betah di	
134	pengungsian.dah buk pulang aja, otomatis berat badan	Terpacu
135	juga turun. Aku pribadi wis ah aku ra arep njagake	
136	bantuan, pokoknya aku di rumah. Aku kerja keras,	Tidak tergantung bantuan
137	dalam artian kan aku nyari sampingan macem2.	Kerja keras
138	Seandainya di tanjung kan bantuan paling 200, nggak	Nyari sampingan
139	sampai jutaan kan. Bagaimana caranya aku walaupun	
140	nggak dapat bantuan aku bisa bertahan. Aku nyari	
141	sampingan pie carane walaupun aku capek aku tetep	Bisa bertahan
142		sampingan

Responden : BYN (W I)

Durasi : 26 menit 24 detik

143	itu.	
144	<b>Niku sing memotivasi njenengan nopo?</b>	
145	Ya itu, aku kan. Aku keluar dari pengungsian, yo	Masalah di pengungsian komplek
146	jenenge masalah di pengungsian kan kompleks. Aku	Dari pada sakit hati
147	kan ah dari pada aku maksiat, dari pada aku loro ati,	
148	dari pada ibuku nanti belakangnya gimana gimana	
149	gimana trus dah nggak usah di pengungsian. Dirumah,	Nggak usah di pengungsian
150	bertahan. Pie carane aku nyari uang ngge nyukupi gitu	Gimana caranya nyari uang
151	lo. Seandainya kancane entuk bantuan 200rb pie	
152	carane aku entuk uang 200rb ning aku kerja gitu.	Kerja
153	<b>Kalau dampak sosiale pripun mbak?</b>	
154	Ya tetep ada, dari situ kan kita jadi tau kepribadiane	Tau kepribadiane
155	orang satu sama si a si b itu seperti apa sih juga tau.	
156	Ada orang yag bener2 nganu kan jadi tahu. Walaupun	
157	sebelumnya kita nggak ngerti, sebelumnya kan liatnya	
158	dari luarnya kan. Tapi karena posisi banjir karena	Liat dari luarnya saja
159	posisi kita kena banjir, jadi kita tau, o si a ini seperti	
160	ini, si b ini seperti ini. Jadi tahu. Sikapnya mungkin	
161	ada yang egois ada yang yo namanya orang kan punya	Ada yg egois
162	kepribadian sendiri2. Kita ya menghormati itu, tapi	menghormati
163	kan dari itu kita jadi tahu watak mereka.	
164	<b>Trus nek soal ibadah mbak, ada yg beda nggak</b>	
165	<b>sebelum dan sesudah bencana?</b>	
166	Bisa jadi lebih pasrah nek aku. Ya sebelumnya aku	lebih pasrah
167	sudah pasrah sudah apapun yg terjadi tetep. Tapi bisa	apapun yg terjadi
168	lebih pasrah lagi lebih pasrah lagi lebih pasrah lagi..	lebih pasrah lagi
169	dadine nek dulu sebelumnya aku kan tetep mikir ya,	dulu tetap mikir
170	aku mikir kedepanya harus seperti apa, aku harus	
171	gimana, tak siapke mateng. Tapi kan pada akhirnya	siapkan matang
172	takut, seandainya aku meh ngopo takut. Harus	mau ngapain takut
173	gimana.. kalau setelah ini aku jadi nggak, yo jadi	
174	nggak terlalu mikir jauh2 itu nggak. Teko wis aku	jadi nggak mikir jauh2
175	bener2 bisa pasrah apapun yg terjadi seandainya apa	benar2 pasrah
176	tetp ada rejeki, tetep ada iti, tetep Tuhan kasih jalan.	tuhan kasih jalan
177	Bisa lebih pasrah gitu nek aku. Ya sebelumnya sudah,	
178	tapi nek untuk yg finansial, untuk yang bisa	
179	dipersiapkan. Nek itu kan sebelum kan aku mikire	
180	terlalu jauh, kalau sekarang enggak.	
181	<b>Contone pripun niku mbak?</b>	
182	Ya seandainya aku punya planing, aku tahun besok	
183	bisa sepertti ini.trus ndilalah karena ada bencana kan	
184	aku trus nggak bisa. Tapi dalamposisi nggak bisa itu	
185	didepan itu aku justru mungkin bisa melakukan di	
186	depan mata karena di kasih jalan sama Alloh gitu aja.	Dikasih jalan sama Tuhan
187	<b>Trus kalau dalam memandang kehidupan mbak,</b>	
188	<b>jan-jane urip ki mung ngopo to?</b>	
189	Ya yang pasti kalau aku hidup itu cuma njalami aja.	Hidup itu cuma ngejalanin

Responden : BYN (W I)

Durasi : 26 menit 24 detik

190	Semuanya sudah digariskan, semuanya sudah diatur	Semua sudah diatur
191	sama yang kuasa, kita cuma tinggal njalani cuma	Tinggal njalani
192	gimana caranya kita harus bsa melakukan yang terbaik	Melakukan yg terbaik
193	gitu aja. Yang penting kita sudah berusaha melakukan	Sudah berusaha
194	yg terbaik, mau seperti apa ya sudah ditentukan gitu lo.	
195	Ya aku ming pasrah, ngak terlalu tak pikir ndak	Tidak dipikir
196	masalah kehilangan tetp ada kerugian. Dari erupsi	Ada kerugian
197	merapi malah. Nek erupsi merapi aku kerugian, bener2	
198	gitu Ya Allah.. kalau lahar dingin ini aku maksude	
199	sudah.. kalau erupsi merapi kan kebon, sawah banyak	Erupsi merapi
200	rusak parah kan. Dari kebon rusak parah, dari ini ndak	Kebun rusak
201	karu2an. Yo kasarane meh panen duit 1jt 2jt ki wis	Mau panen
202	nang tangan ilang. Bener2 ilang, blas. Na itu. Jadike	Hilang
203	banjir lahar dingin kan aku dah siap, wong kemarin aja	Banjir sudah siap
204	kasarane ming gari panen ilang, dadike saiki dah. Dari	
205	itu juga kan maksude aku udah kalu itu aku dah yg	
206	bener2 stres ya ndak stres sampek nganu tapi yaudah	
207	pada akhirnya ming pasrah itu. Kan posisi aku mau	Pasrah pada akhirnya
208	masuk rumah malah nggak bisa pas erupsi itu.	
209	<b>Trus dalam budaya jawa kan onten nilai2</b>	
210	<b>kehidupan ngoten nggih. Kados urip ming mampir</b>	
211	<b>ngombe, sak dermo nglampahin titahing Gusti.</b>	
212	<b>Niku enetn sing njenengan pake mboten nilai2 jawa</b>	
213	<b>seperti itu?</b>	
214	Ya kalauaku lebih2 ke agama sih. Cuma lebih pasrah,	Lebih ke agama, lebih pasrah
215	nggak terlalu trus nganu itu ndak. Yg penting aku	
216	melakukan yg terbaik sakiso mungkin aku bertahan.	Sebisa mungkin aku bertahan
217	<b>Nek njenengan memaknai urip ming mampir</b>	
218	<b>ngombe niku?</b>	
219	Ya memang bener. Hidup kan kita cuma menjalani.	Cuma menjalani
220	Kita juga nggak tau waktu kita meninggal kapan,	Kita meninggal kapan
221	waktu kita sampai kapan kan nggak tahu. Jadi sebisa	Waktuitu sampai kapan nggak tahu
222	mungkin aku yo seandainya ditanting aku meninggal	
223	sekarang yo belum siap. Aku tetep amalku masih	Belum siap
224	banyak dosa masih itu2 kan. Yo sebisa mungkin aku	
225	melakukan yg terbaik buat lingkungan, buat diri	Melakukan yg terbaik buat lingkungan
226	sendiri, buat keluarga, jadi seandainya dipanggil	
227	sewaktu2 mudah2an bisa masuk surga gitu. Hehee kan	Bisa masuk surga
228	nggak tau,trus memaknainya juga cuma segitu	
229	<b>Trus nek dari dukungan lingkungan niku dalam</b>	
230	<b>bentuk nopo mbak?</b>	
231	Yo dari materi juga bantu, maksudnya mereka kan	Materi juga bantu
232	welcome, maksude mereka dari jauh2 kita tetep	
233	ditengok, kita kan ditengok sodara kan juga sudah	Ditengok sodara
234	seneng. Mereka itu kan wah berarti mereka peduli.	Mereka peduli
235	<b>Kalau njenengan memaknai kebersamaan niku</b>	
236	<b>pripun mbak?</b>	

Responden : BYN (W I)

Durasi : 26 menit 24 detik

237	Kebersamaan? Nek kulo kan teng mriki cuman sama	Sodara jauh datang
238	ibuk, trus saudara2 kan jauh. Tapi mereka datang aja	Senang
239	kita seneng gitu lo. Dari jakarta dateng, dari medan	
240	dateng, banyak yang datang ndilalah. Tru sdari	
241	semarang juga. Maksude kan posisi kena bencana itu	
242	sodara banyak yg suport. Jadi ya tetep seneng.	Banyak yg suport
243	Mungkin ya ada hikmahnya. Seandainya nggak ada	Ada hikmahnya
244	bencana seperti ini kan nggak mungkin sodaraku	
245	medan dateng, nggak mungkin itu kan itu. Yo	
246	seandainya mungkin kan tetep kemungkinan lebih	
247	kecil. Wah sirahan kebanjiran, yowis lah aku tak niliki	
248	aku tak niliki, aku punya sodara disana kan ditengok.	
249	<b>Trus mbak, dengan terjadinya bencana niku kan</b>	
250	<b>njuk butuh adaptasi kan?la niku prosese</b>	
251	<b>adaptasine njenengan pripun?</b>	
252	Aku, aku ortangnya cuek nggak terlalu ambil pusing.	Cuek, nggak terlalu ambil pusing
253	Jadinya kan ya udah lah. Yo maksude nek untuk	Ya udah lah
254	perubahan dari segi lingkungan memang berubah. Tapi	Lingkungan berubah
255	nek dari aku sendiri aku tetp biasa aja. Aku bisa. Yo	Biasa saja
256	alhamdulillah aku kuat aku bisa tetep nggak terlalu	Kuat
257	down niku tidak.	Tidak down
258	<b>Ha niku kok saget cuek niku pripun?</b>	
259	Nggeh pasrah, sekarang gini. Hidup ini kan gini, aku	Pasrah
260	mikir hidup kan aku tetep harus njalani sepeti ini,	Harus njalani hidup
261	dipikir susah kan aku tetep harus njalani sepeti ini.	
262	Tapi aku nggak tak pikir aku njalani seperti ini.	Tidak dipikir
263	Ngapain aku pusing2, mendingan gak tak pikirke.	Nggak pusing2
264	<b>Trus nek njenengan memaknai musibah niku</b>	
265	<b>nopo?</b>	
266	Y ada ujian, ujian kan banyak orang yg nggak kuat	Ada ujian
267	dengan musibah ini. Trus ujian tapi juga nikmat juga	Nikmat
268	ada. Dari musibah itu nikmat juga ada. Yo aku nggak	
269	nggak, maksude opo, dari musibah ini untuk	
270	masyarakat ya. Kasarane banyak kan dari orang2	
271	kampung maem ming pake lawoh tempe kan arang2.	
272	Seandainya posisi di pengungsian itu mereka makan	
273	ikan, mereka makan lawuh tempe krupuk itu mesti,	
274	tahu telur tu mesti. Dari segi itu saja mereka	
275	seharusnya bersyukur kan. Tapi kan disitu mereka ada	Bersyukur
276	yang bersyukur ada yg enggak gitu lo.	
277	<b>Niku kan wau disebutke wonten ujian kalian</b>	
278	<b>nikmat. La nek sing ujian niku maksude pripun?</b>	
279	Ya ujian kan maksude disitu kita benar2 diuji. Kita	Benar2 diuji
280	bisa nggak pasrah, kita bisa nggak menerima ini	Menerima
281	sebagai. Maksude kan atine niku saged nompo nopo	
282	mboten. Kamu di uji seperti ini kuat nggak, trus	Kuat nggak
283	seandainya orang kan ada yg ngasih bantuan,	Ngasih bantuan

Responden : BYN (W I)

Durasi : 26 menit 24 detik

284	seandainya itu kan sebenere juga ujian. Ada bantuan,	
285	trus yang distributornya itu kan ada. Itu kan sebenere	
286	itu juga ujian buat mereka. Dia itu pasti ada yg kuat	Ujian
287	ada yg nggak. Ada yg jujur ada yg nggak kan. Yg kuat	Ada yg jujur
288	yg jujur ya ok sampai, maksudnya kan sampe ke	
289	sasaran. Tapi yg nggak kan kasarane ada yg dari atas	
290	dikasih 100rb samapai bawah cuma 50rb. Ha itu kan	
291	juga sbenernya ujian juga.	
292	<b>Musibah niku kan mesti wonten efeke nggih, efek</b>	
293	<b>positif negatif. Niku nopo mawonmbak efeke?</b>	
294	Efek positifnya, kalau aku pribadi jadi bisa lebih	Lebih pasrah
295	pasrah itu tadi. Bisa lebih pasrah, bisa lebih dekat sama	Melihat kekuasaan Tuhan
296	Alloh. Iso ndelok kae loh kekuasaane Tuhan dalam	
297	artian, ini loh Aku mbuat seperti ini kamu berencana	Tuhan menentukan
298	seperti ini, aku menentukan seperti ini kamu tetep	Nggak bisa apa2
299	nggak bisa apa2. Nek efek negatifnya ya itu tadi	
300	seandainya orang, kaya distributor itu, orang malah	
301	ada yang njuk dadi korupsi, ada yg ngambil untung	Korupsi
302	dari musibah ini, ada yg ngambil untung. Itu efek	Ngambil untung dari musibah
303	negatifnya. Ya walaupun mungkin buat siapa2nya	
304	akujg nggak tahu.tapi tetep ada efek negatifnya. Yo	
305	mungkin malah kesempatan bagi orang untuk korupsi,	Kesempatan untuk korupsi
306	buat yang seharusnya jatah sampai bawah malah nggak	
307	sampai bawah. Itu kan juga efek negatifnya juga.	
308	<b>Trus harapanya kedepan niku nopo mbak?</b>	
309	Ya bisa lebih baik aja dalam segala hal. Simpel tapi	
310	susah itu. Ya dari agama, lingkungan, trus masyarakat.	Lebih baik dalam segala hal
311	Itu kalau bisa njalani udah susah sekali.	
312	<b>Trus kados himahe saking banjir niku nopo?</b>	
313	Hikamhnya kalau aku ya lebih pasrah, yo cuma itu sih	Lebih pasrah
314	kalau aku pribadi. Jadi nggak terlalu tak ambil pusing.	Tidak ambil pusing
315	Cuek aja lah. Ya itu tadi, aku hidup harus njalanin	Cuek
316	seperti ini.	
317	<b>Intine kan pasrah nggih mbak njenengan, trus</b>	
318	<b>manfaat pasrah sendiri niku?</b>	
319	Nggih jadio lebih tenang. Lebih enak lah. Dari segi sti	
320	ya lebih tenang dari pikiran nggih lebih tenang. Jadi	Lebih tenang
321	pikirane nggak kemrungsung. Pasrah lah.	Pikiran tenang
322	<b>Dari soal materi. Trus sekarang memandang</b>	
323	<b>materi niku gimana?</b>	Nggak kemrungsung
324	Aku dari sebelum ini sama materi niku nggak terlalu	
325	tak kejar. Jadike ngaak terlalu. Ya maksude aku dari	Sama materi nggak terlalu
326	maksude sebelum ada lahar dingin ini aku kerja tetep	
327	nyisihkan buat anak yatim, buat sesama. Aku kan	
328	orange ngga tegaan kan. Jadine ya udah, seandainya	Nyisihkan buat anak yatim
329	aku dapat rejeki niku cuma lantaran lah. Kan di dalam	Nggak tegaan
330		Dapat rejeki itu lantaran



Responden : BYN (W I)

Durasi : 26 menit 24 detik

331	rejekiku ada rejeki orang lain juga, ada yg anak yatim	Rejekiku rejeki orang lain juga
332	ada yg ini itu. Jadi aku dari sebelum itu sama materi	
334	nggak terlalu tak kejar. Ya aku punya target seperti ini,	
335	tapi ndilalah ono wong sing nganu malah kadang tak	
336	kasihke. Yaudah lah nggak papa. Tapi tetep ada. Sing	
337	Kuoso itu pada akhire tetep ngasih lebih gitu. Aku	Tuhan ngasih lebih
338	dadike pasrah.	pasrah

Responden : WWN (W I)

Durasi : 18 menit 54 detik

No	Keterangan	Analisis
1	<b>Sebelumnya bisa diceritakan dulu mas</b>	
2	<b>kehidupane sampean sebelum banjir?</b>	
3	Maksude pripun mas?	
4	<b>Nggeh mbendinane ngopo mawon</b>	
5	Nek kulo niku riyin tasih sekolah mas, dadi	Masih sekolah
6	mbendinane nggeh ming sekolah.	Tiap hari sekolah
7	<b>Nek liane sekolah mas?</b>	
8	Paling yo nek pas gelem ngewangi nang sawah, nek	Bantu disawah
9	mboten yo dolanan ngutek2 motor	Main
10	<b>Bapak ibuke kerjo nopo emange?</b>	Ngutak-atik motor
11	Teng sawah mas	Kerja disawah
12	<b>Nek saking kegiatan beribadah riyin pripun</b>	
13	<b>mas?</b>	
14	Nek dulu pas SD niko sok ngaji, nderes Qur'an	Waktu SD suka ngaji, baca qur'an
15	barang. Mulai SMP niko njuk mpun mboten, paling	Sejak SMP sudah tidak
16	kadang2 mas. Nek solat mono iyo mas, tapi yo	Kadang-kadang, Kalau sholat masih
17	taseh akeh bolonge. Hehehe	Tapi masih bolong
18	<b>Pas kejadian banjir niku sampean teng pundi</b>	
19	<b>mas? Ceritane pripun niku?</b>	
20	Teng ngomah mas, lagi nongkrong kalih konco2	Dirumah sedang nongkrong
21	ujug2 akeh sing bengak bengok "banjir banjir	Banyak yang triak "banjir"
22	banjir" la niku aku njuk langsung do mlayu kabeh	Langsung lari semua
23	mas. Pas ngono kui keweden aku mas, wis ra mikir	Takut
24	opo2 pokoke mlayu ro keluargaku golek nggon sing	Sudah tidak mikir apa-apa, lari bersama
25	aman. Banjirne ki ra lewat kali mas, malah mbludak	keluarga mencari tempat aman
26	nang dalam kabeh, wah ngeri mas. Omah2 ki do	Banjir mbludak ke jalan
27	leleb, dalane wis ra rupo dalam, roto banjir kabeh..	Rumah tenggelam, jalan banjir semua
28	<b>La niku sing teng pikirane sampean pas</b>	
29	<b>kejadian niku pripun?</b>	
30	Ra mikir opo2 mas, ming wedi, khayang nek mati	Gak mikir apa-apa, takut, khayang
31	malah. Hawane ki keweden, gek2 kiamat po opo	mati
32	ngono.	Takutnya kiamat
33	<b>Akibat banjir niku nopo mawon mas?</b>	
34	Katah mas, omah rusak, sawah kleleban pasir, omah	Rumah rusak, sawah penuh pasir
35	ki wis raiso dinggoni. Parah mas.	Rumah sudah tidak bisaditempati
36	<b>Nek soal ekonomine?</b>	
37	Ekonomi ya nganu mas, entek-entekan. Sawah sing	Ekonomi habis-habisan
38	jatahe panen entuk duit iki malah kleleb ra entuk	Sawah harusnya panen dapet duit malah
39	duit, tapi entuk ijol pasir.	penuh pasir gak dapet duit
40	<b>Nek sosiale, le tetanggane ngono?</b>	
41	Dadi luwih akrab mas, soale podo2 keno banjire,	Diganti pasir
42	podo2 le nang pengungsian.	Lebih akrab
43	<b>Akibat banjir niku ada keterbatasan perilaku</b>	Sama-sama banjir, sama-sama
44	<b>mboten?</b>	dipengungsian
45	Wonten, dadi njuk sekolahe keteteran mas. Sinaune	Sekolah keteteran
46	keganggu, aku mbiyen kan pas kelas 3 mas, meh	Belajar terganggu, dulu kelas 3

Responden : WWN (W I)

Durasi : 18 menit 54 detik

47	ujian.	Mau ujian
48	<b>Dalam hal beribadah njuk berubah mboten mas</b>	
49	<b>setelah banjir?</b>	
50	Iya mas, awale sregep banget mas. 5 waktu niku	Awalnya rajin sholat 5 waktu
51	tepat waktu terus. Ngaji nggih njuk dadi sregep.	Rajin ngaji
52	<b>Nek saiki mas?</b>	
53	Saiki yo mbalik neh mas, bolong2 neh le solat.	Kembali lagi, sholat bolong-bolong
54	Ngaji yo jarang. Hehee	Jarang ngaji
55	<b>Trus sakniki nek bar ono banjir ngono kui</b>	
56	<b>sampean memandang urip ki pie to?</b>	
57	Urip ki pie yo, ming menjalankan takdir dari Tuhan.	Hanya menjalankan takdir tuhan
58	Wis takdire ngene ki yo pie maneh, pasrah isone.	Takdirnya gini ya gimana lagi, pasrah
59	<b>Untuk bertahan dari banjir niku butuh nopo</b>	
60	<b>mawon nek sampean?</b>	
61	Sing pertama niku nggeh bantuan. Uang, makanan,	Bantuan,uang,makanan,
62	sembako, rumah, kaleh dukungan saking keluarga,	sembako.rumah, dukungan dari
63	konco2, pacar.	keluarga,teman dan pacar
64	<b>Terus yang dilakukan njenengan sekarang</b>	
65	<b>untuk bertahan niku nopo wae mas?</b>	
66	Sekarang ya berdo'a saja semoga ada bantuan terus	Berdoa semoga ada bantuan
67	dan semoga saya segera dapat pekerjaan.	Semoga dapet pekerjaan
68	<b>La emang sakniki mboten kerjo?</b>	
69	Mboten mas, nggeh mung dolan wae gaweane.	Cuma main kerjaannya
70	Mbiyen wis tau melu bapak ngunggahke pasir, tapi	Dulu pernah ikut bantu bapak nambang
71	ra kuat mas, rekoso.	pasir
72	<b>Pingine kerjo pie mas?</b>	Gak kuat, berat
73	Nek pingine si kerjo nang bengkel mas. Aku kan	Pengin kerja dibengkel
74	mbiyen STMe jurusan otomotif mas, tur yo seneng	Dulu STm otomotif
75	nek kon ngotak atik motor.	Seneng ngutak atik motor
76	<b>Nek tentang nilai2 Jawa niku enten sing</b>	
77	<b>didadeke pedoman mboten mas?</b>	
78	Nilai Jawa pie mas?	
79	<b>Ya koyo urip ming mampir ngombe, terus urip</b>	
